

Kesyon Komen sou Rifampin

Tretman Enfeksyon Tibèkiloz mwen an

Pwofesyonèl swen sante w te preskri Rifampin pou trete enfeksyon tibèkiloz ou (tubersulosis, TB). Ou dwe pran medikaman sa a chak jou pandan kat mwa. Rifampin ka ede anpeche w vin malad ak maladi tibèkiloz aktif, yon maladi ki pi grav, alavni.

Tès tibèkiloz mwen an pozitif, men radyografi pwatrin mwen an nòmal. Mwen pa santi m malad. Èske mwen bezwen kòmanse pran Rifampin?

Wi. Menmsi w pa santi w malad kounye a, ou gen jèm tibèkiloz yo nan kò w. Pran medikaman se sèl fason pou touye jèm tibèkiloz yo nan kò w.

Ki efè segondè Rifampin?

Pifò moun ka pran medikaman sa a san pwoblèm. Rifampin ka lakòz irin ou (pipi), saliv (krache), dlo nan je oswa swe vin tounen yon koulè oranj-wouj. Sa a nòmal. Koulè a ka pali apre yon tan.

Èske mwen ka toujou pran lòt medikaman mwen yo, medikaman fèy, vitamin oswa sipleman?

Sa depann. Gen kèk medikaman, vitamin ak sipleman ki pa prezante yon danje si w pran I avèk Rifampin. Gen kèk ki danjere. Di doktè w, enfimyè oswa famasyen w sou lòt medikaman w ap pran, tankou medikaman san preskripsiyon, medikaman sou preskripsiyon (ki gen ladan planin), medikaman fèy, medikaman tradisyonèl, vitamin ak sipleman.

Èske gen nenpòt manje oswa bwason ke mwen ta dwe evite pandan m ap pran Rifampin?

Wi. Pa bwè alkòl pandan kat mwa tretman an. Konbine alkòl ak Rifampin ka domaje fwa ou. Pa gen okenn manje yo konnen ou dwe evite lè w ap pran Rifampin.

Kisa mwen ta dwe fè si mwen bliye pran medikaman sa a?

Si se toujou menm jou a, pran medikaman ou jan yo mande w la kou w sonje. Si w rate yon jou, kontinye pran medikaman w jan yo mande w la. Si w bliye pran medikaman w, rele doktè w pou w jwenn konsey.



Sispenn pran Rifampin epi rele biwo pwofesyonèl swen sante w la touswit si w gen nenpòt nan efè segondè sa yo:

- Pa vle manje okenn manje
- Kè plen oswa vomisman
- Doulè nan vant
- Irin (pipi) mawon (pa wouj oswa oranj)
- Poupou ki gen koulè pal
- Ematom oswa senyen fasil
- Gratèl oswa demanjezon sou po ou
- Po oswa je ki vin jòn
- Gwo feblès oswa fatig
- Lafyèv
- Tèt oswa kò fè mal
- Vètij

Si w gen move efè segondè, ou ka pran yon lòt medikaman pou trete enfeksyon tibèkiloz. Pale ak pwofesyonèl swen sante w, enfimyè oswa famasyen ou si w gen nenpòt enkyetid.

Kesyon Komen sou Rifampin

Tretman Enfeksyon Tibèkiloz mwen an

Kòman mwen ka sonje pran medikaman mwen an?

Pran medikaman ou a menm lè a chak jou (pa egzanp, chak jou anvan manje maten). Gen diferan fason pou w sonje medikaman ou:

- ✓ Sèvi ak yon ti kanè medikaman, tankou Rejis Medikaman Kont Enfeksyon Tibèkiloz , pou w anrejistre kijan ak kilè ou pran medikaman ou.
- ✓ Sèvi ak yon aplikasyon kalandriye (app) sou telefòn selilè w oswa òdinatè w ou w anrejistre kijan ak kilè ou pran medikaman ou.
- ✓ Mete yon alam chak jou pou w pran medikaman ou.
- ✓ Toujou kenbe medikaman ou an menm kote a, tankou sou yon ti tab bò kabann ou.
- ✓ Sèvi ak yon bwat pou konsève gress chak semèn.
- ✓ Mande yon zanmi oswa yon manm fanmi w pou fè w sonje pou w pran medikaman w.

Tanpri pale ak pwofesonèl swen sante w la si w gen nenpòt kesyon oswa enkyetid konsènan tretman enfeksyon tibèkiloz w la. Nan ka ijans oswa si efè segondè yo vin pi mal, kontakte pwofesonèl swen sante w la oswa ale nan sal ijans ki pi pre w la.

Kòman mwen ta dwe konsève Rifampin?

Konsève Rifampin ou a nan tanperati anbyan. Pa konsève Rifampin kote li pral frèt anpil (tankou nan frijidè a), cho anpil (tankou tou pre recho ou) oswa imid anpil (tankou nan kabinè twalèt ou). Kenbe li lwen timoun. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou **nyc.gov/health** epi chèche “**medicine safety**” (sekirite medikaman).

Èske preskripsyon mwen pou Rifampin ka ranpli pou plis pase 30 jou alafwa?

Pwofesonèl swen sante w la ap gen plis chans pou w wè w chak mwa pandan w ap pran Rifampin pou asire w ke tretman an ap travay epi diskite sou nenpòt efè segondè. Ansanm, ou menm ak pwofesonèl swen sante w la ka deside kisa ki travay pi byen.

Èske mwen ka pran mwens medikaman si mwen santi mwen an sante? Èske mwen ka sispann tretman an bonè?

Non. Li enpòtan pou w fini pran tout medikaman w pou enfeksyon tibèkiloz ou a pou ba w pi bon chans pou w touye jèm tibèkiloz ki nan kò w. Si ou sispann tretman bonè, ou ka toujou malad pita. Pale ak pwofesonèl swen sante w an premye anvan w sispann tretman oswa pran mwens nan medikaman ou.

Kilè mwen ka sispann pran Rifampin?

Apre ou fin ranpli tout tretman kat mwa ou a. Si w gen pwoblèm pou w pran medikaman an, pale ak pwofesonèl swen sante w la pou yo ka ede w konplete tretman w lan.

Enfòmasyon pou kontakte pwofesonèl swen sante/klinik

Non pwofesonèl swen sante/klinik:

Nimewo Telefòn:

Adrès:
